



Konsiy: 1) Li entèdi pou gen selilè nan sal la.
2) Ou pa gen dwa pale nan sal la.

SE KREYÒL NOU YE

Chante a di: “*Se kreyòl nou ye*”. Li pa di, nou se kreyòl, non! li di: Se kreyòl nou ye. Li vle pale de nanm kreyòl nou, de zanzèt nou, de eritaj nou, de sa nou ye nan nou menm, de sa nou genyen nan tèt nou. Sa ki mande yon vwayaj nan fenfon nou menm, nan potansyèl nou.

Ki fè, chwazi ekri an kreyòl se rekonnèt se kreyòl nou ye. Yon vwayaj k ap mache nan yon chimen jennen, sou yon liy fontyè ki separe de mond : youn mond ewopeyen ak yon mond afriken yon mond jideyokretyen ak yon mond afwovodou. Yon mond reyèl ak yon mond mèvilis. Yon mond dilere n ap franchi, ap fofile nan mitan yon bann vèvè krizokal, atifisyèl. Sa ki mande, fòk nou rete sou pinga nou, ap peze, triye, mezire.

Rete veyatif pou nou pa pile si nou te konnen. Nou dwe sispann ayisyen nan rèv, ameriken nan pale de grinbak, fransè nan fè tilitchitchi entèlektyèl.

Nou bezwen gade ladrès lespri nou, kenbe ekilib mantal nou kòm kreyòl, nan aplike yon prensip ekriti ki fè valè nanm kreyòl nou. Kreye yon nouvo langaj, nan redefini valè yo. Sa ki vle di, kreye valè nou apati yon nouvo langaj. Paske valè yo egziste sou fòm nou vle ba yo. Plis nou va pran je, se plis rega nou va diferan pou nou kapab wè mond lan pi an gran. Pèmèt vizyon nou wè yon lòt reyalite. Yon vizyon ki prale lwen, ki an pèspektiv. Konsa, n ap kapab gade zòt nan je, pou nou di: “madigra m pa pè ou, se moun ou ye!”.

Pawòl kreyòl, Revi Literè, sosyete koukouy, volim 1: nimewo 1, oktòb 2009 p.178

Premye pati

A) **Konpreyasyon** (5 pwen pou chak kesyon)

- 1- Poukisa nan tèks la di otè a di: “ Fòk nou rete sou pinga nou, ap peze, triye, mezire”?
- 2- Konbyen paragaf tèks la genyen?
- 3- Fè rezime tèks la nan twa (3) liy.
- 4- Di si tèks sa a se yon tèks:
a) Deskriptif, b) agimantatif, ch) enfòmatif. Epi di poukisa?
- 5- Eksplike fraz sa a selon lide tèks la.: “ Rete veyatif pou nou pa pile si nou te konnen”
- 6- Nan ki sans otè a mande pou nou kenbe ekilib mantal nou kòm kreyòl?

B- Gramè –Vokabilè – Tradiksyon

- 1- Bay varyasyon fonolojik mo sa yo: (4 pwen)
a) Famasi b) kana
- 2- Ki figi estil ki genyen nan chak ka sa yo? (4 pwen)
a) Jan bwè de (2) boutèy wiski nan otèl la.
b) Chofè a desann anba apre sa li monte anwo.
- 3- Fè yon trè anba tèm jenerik ki pami mo sa yo. (4 pwen)
a) Sansè – liv- egzamen- lekòl- kafeterya- pwofesè
b) Kleren- wonm- bwason- diven- kola.

- 4- Jan vè yo dispose a, di ki rim ki genyen ladann li. (4 pwen)

Tout se pou ou, ti kay
Tout se pou ou lakay
Vini toutout vini tanto
Vini lacaille dodo!...

- 5- Bay de (2) egzanp ki montre kreyòl la genyen vèb seryèl. (4 pwen)
- 6- Tradui fraz sa yo an kreyòl (6 pwen)
a) Nous venons de faire la lecture de cet ouvrage.
b) Si j’étais médecin, je soignerais tous les enfants qui habitent tout près de chez moi.
- 7- A pati de twa (3) egzanp, montre “Bannann” se yon mo polisemik. (4 pwen)

Dezyèm pati (40 pwen)

Pwodiksyon ekri:

Chwazi youn (1) nan sijè sa yo:

- 1- Ou se yon jèn ekriyen, gade sou tèks egzamen an pou ou ekri yon ti resi ken (15) liy maksimòm pou ou pale de lavi ou nan zòn kote ou rete a.
- 2- Moun ki reflechi anpil sou komunikasyon politik vini ak lide sa a: “ Enfòmasyon se pouvwa” Ekri yon ti tèks pou ou kòmanse lide sa a.